## Ubbiteg atu kàllaama yi, ñeel réewoo-réew, ci UNESKO

Paris, 18 feewaryee - Bésu kàllaama gi nit ki nàmp, ñeel réewoo-réew - nga xam ne 21 feewaryee bu ne ñu màggal ko, ca atum 2000 ba tey - mooy ubbi, ren, atu kàllaama yi, ñeel réewoo-réew, Péncum Mbootaayu Xeet yi taxawal ko te ñu sant Unesko mu di ko saytu..
.

« Kàllaama yi nekkuñu rekk tool bu ñu bàyyeek boroom xam-xam yi, ñu di ko càmbar, kàllaama yaa ngi sampu ci diggu dundu nit, mu di ci wàllu nekkin, koom ak aada. Loolu moo di yilla feem bi UNESKO génne ci atu kàllaama yi : « Kàllaama, am na solo ! », ni ko Direktëer seneraal UNESKO, Koïchiro Matsuura, tënke ci bataaxal bu mu bindoon ci Bésu kàllaama gi nit ki nàmp.

Kàllaama yi, ci ñoom la mépp mbooloo ak jépp jëmm di gise boppam, waaye nag bokkuñu àtte. Jàpp nañu ne, ci juróom-benni junni ak juróom-ñaari téeméeri (6 700) kàllaama yi ñuy wax ci àdduna si, genn-wàll gi (50%) am na lu leen di yoot, moo di, bu yàggee, ñu dem ba raaf, te cig maasale, fukki fan ak juróom yu ne, am na genn kàllaama gu kenn dootul wax. Te yit boroom xam-xam yi gis nañu ne, ci téeméeri kàllaama yu ne, juróom-ñeen-fukk yi ak juróom-benn (96%), ñi leen di wax weesuwuñu ñeent ci téeméeri nit (4%).

Ren jii nag, Bés bi li koy soxal dëgg, mooy jumtukaay yi ñu tëgg réewoo-réew, jëmale leen ci barewaayu kàllaama yi. Naka noonu Unesko, ci 21 feewaryee, ci màkkaanam, dina amal ab lël, séq ko ak Ndajem Ërob. Dinañu fa waxtaane jumtukaay yu jëm ci wàllu yoon, niki Sàrtu Ërob, ñeel kàllaama yi ñuy wax ci diwaan yi walla kàllaama yi nga xam ne lim yu néew ñoo leen di wax, walla Déggoo bi ñu amaloon 2003 ngir aar xarbaaxi maam yi, fent yi ak yu ni mel. Tëralin yi réewi Afrig yi walla ay réew yu deme ni Hongrie ak Paraguay di doxal ci wàllu kàllaama, ñooom it, dinañu bokk ci ponk yi ñuy waxtaane.

Bu ngen gisee UNESKO taxawal 21 feewaryee mu nekk Bésu kàllaama gi nit ki nàmp, booba dafa bëgg a wone ne wuute gi kàllaama yi wuute lu am solo la, te soññ nit ñi ñuy jëfandikoo kàllaama yooyu.

****

Nit ñi bëgg a teewe xew-xew bii, nañu bindu ci :
Isabelle Le Fournis, *Bureau de l'information du public Biro bi ñuy tase xabaar yi*.
Tel : +33 (0) 1 45 68 17 48. Email : i.le-fournis@unesco.org

Ku bëgg xabaar yu gën a yaatu, na dem ci dalu bii :
www.unesco.org/fr/languages